



**NAETISL**

National Association of  
Educational Translators and  
Interpreters of Spoken Languages



**MODDC**

Missouri  
Developmental  
Disabilities Council

# Konprann Edikasyon Espesyal: Yon Apèsi pou Paran yo

---

Funding for the Supporting Language Access in Schools Project in Missouri provided by the Missouri Developmental Disabilities Council, was supported by the Administration for Community Living (ACL), U.S. Department of Health and Human Services (HHS) as part of a financial assistance award totaling \$1,361,246 with 100 percent funding by ACL/HHS. The contents are those of the author(s) and do not necessarily represent the official views of, nor an endorsement, by ACL/HHS, or the U.S. Government.



[naetisl@gmail.com](mailto:naetisl@gmail.com)

NAETISL



Follow us



MODDC



[moddc@moddcouncil.org](mailto:moddc@moddcouncil.org)



[www.naetisl.org](http://www.naetisl.org)

[www.moddcouncil.org](http://www.moddcouncil.org)





## Konprann Edikasyon Espesyal: Yon Apèsi pou Paran yo

### Kisa edikasyon espesyal ye?

Edikasyon espesyal se enstriksyon ki fèt espesyalman pou satisfè bezwen inik yon timoun ki gen andikap. Li ede elèv yo aprann nan fason ki mache pi byen pou yo, kit se nan salklas edikasyon jeneral, ti gwoup, oswa atravè sèvis ki konekte tankou terapi langaj oswa terapi okipasyonèl.

### Ki moun ki kalifye pou edikasyon espesyal?

Yon timoun ka kalifye si li

- Gen yon andikap (egzanp, andikap aprantisaj, otis, twoub defisi atansyon ak ipèaktivite, reta nan pale/langaj, soudite)
- Bezwen enstriksyon espesyal pou reyisi lekòl
- Gen ant 3 ak 22 ane

Kalifikasyon detèmine atravè yon pwosesis evalyasyon epi lwa federal gide li dapre Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap (IDEA).

Timoun ki pi jèn ki gen reta oswa andikap nan devlopman yo, depi nan nesans jiska 3 ane, kapab kalifye tou pou sèvis yo.

### Kijan m ka konnen si pitit mwen an bezwen edikasyon espesyal?

Ou ka remake pitit ou:

- Gen difikilte nan lekti, ekriti, oswa matematik
- Gen pwoblèm pou li konsantre, chita trankil, oswa fini travay li yo
- Wè li difisil pou li kominike oswa entèraji sosyalman
- Pa fè pwogrès menm avèk èd pwofesè a

Si w enkyete, ou ka mande yon evalyasyon nan lekòl pitit





## Kisa yon evalyasyon ye?

Yon evalyasyon se yon seri tè ak obsèvasyon konplè ki gade kijan pitit ou a aprann, konpòte l, epi kominike. Yo itilize l pou yo konprann pwen fò ak pwoblèm pitit ou a genyen. Se sèlman pwofesyonèl ki kalifye, tankou yon sikològ lekòl oswa edikatè, ki administre tè sa yo.

Lekòl la dwe jwenn konsantman w alekri ou anvan li fè evalyasyon yo.

## Kisa yon IEP ye?

Timoun ki kalifye pou edikasyon espesyal resevwa yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP). IEP a se yon dokiman legal ki:

- Endike bezwen aprantisaj pitit ou a
- Fè lis objektif yo pou ane a
- Detaye sèvis ak sipò lekòl la pral bay

Ekip ki kreye IEP a gen ladan ou menm, pwofesè yo, espesyalis yo, epi pafwa pitit ou a.

Si ou pa vle pitit ou a resevwa sèvis edikasyon espesyal oswa si ou pa dakò ak Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) a, ou ka refize sèvis yo.

## Ki sèvis pitit mwen an ka resevwa?

Selon bezwen pitit ou yo, li kapab resevwa:

- Èd siplemantè nan lekti oswa matematik
- Terapi lapawòl oswa terapi langaj
- Terapi okipasyonèl oswa terapi fizik





- Fòmasyon sou konpetans sosyal
- Konsèy oswa sipò pou konpòtman
- Akomodasyon (egzanp, plis tan nan egzamen yo)

## Èske y ap retire pitit mwen an nan salklas jeneral la?

Pa nesesèman. Pifò timoun ki gen IEP pase tout oswa pifò tan yo nan salklas edikasyon jeneral avèk sipò. Ekip IEP a ap deside anviwònman ki gen mwens restriksyon (LRE) ki bon pou pitit ou a.

## Ki dwa mwen genyen kòm paran?

Ou gen dwa pou:

- Patisipe nan tout reyinyon yo
- Revize epi mande chanjman nan Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) a
- Resevwa rapò sou pwogrè pitit ou a
- Pa dakò ak desizyon yo epi mande medyasyon oswa yon odyans
- Gen aksè nan tout dosye edikatif yo

## Kisa mwen ka fè pou m sipòte pitit mwen an?

- Poze kesyon epi rete enfòme
- Konsève kopi tout rapò ak IEP yo
- Rete an kontak ak pwofesè yo epi ak founisè sèvis yo
- Sipòte aprantisaj lakay ou avèk woutin ak ankourajman
- Antre nan gwoup sipò paran oswa òganizasyon defans dwa lokal yo

## Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Pale ak kowòdonatè edikasyon espesyal lekòl ou a oswa ale sou sit entènèt edikasyon espesyal eta w la pou ou ka jwenn plis resous.





## Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Pale ak kowòdonatè edikasyon espesyal lekòl ou a oswa ale sou sit entènèt edikasyon espesyal eta w la pou ou ka jwenn plis resous.

## Kijan mwen ka jwenn èd nan lang mwen an?

Mande sèvis entèprèt nan lekòl pitit ou a oswa nan biwo distri eskolè a. Mande enfòmasyon alekri ki tradui si w bezwen. Enfòmasyon ki disponib pou tout paran nan distri eskolè a ta dwe disponib pou ou tou.

